Recueilli par : Madeleine DIOP
Dit par : Khady Dieng

- Léebóon !

- Lippóon !

- Amoon na afi

- Daana am !

Dafa amoon ku góor koo xam ni dafa amoon alal, rafet te amul jabar. Ku ñu ke bëgg may ci dëkk bi mu ni bëggu ko.

Benn bés mu fab fasam ni day wuti jabar ba xam ndax dina am mbaa déet. Mu di dowal, di dem, di dem, di dem ba ci àll bi, mu taseek genn góor ; mu sarax ko. Góor gi ni ko baay foo jëm, mu ni ko man de dëkk ba ma nekk, ku ñu ma fa may rekk ma ni bëgguma ko, ma bëggoon nag wuti jabar feneen.

Mu ni ko : - Soo demee ba ci àll bi dinga fa gis garabu soraans soo xuusée ba ci biir garab yi dinga fa gis ñetti doomi soraans,nga daggandoo leen, soo ñówée ba ci digg àll bi boo xollee benn bi dina lu ci génné; dina am lu mu la laaj.

Mu ni ko : - Waaw.

Muy dowal fasam, di dowal fasam ba àgg ci àll bi, gis garab yi. Mu xuus ba ci seen biir daldi gis ñetti soraans yi, mu daggandoo leen, waraat fasam di dowal ba ci digg àll bi mu xolli benn bi. Ku jigéen ku racet génné ci daldi ni ko :

- Baay may ma póon.

Mu ni ko : Man dé awma póon.

Mu ni ko : May ma mburu.

Mu ni ko : - Awma mburu

Mu ni ko : kon dé yow mënóo ma ame waaral ma dellu ci sama xott.

Me dese ñaari soraans. Muy dowal, di dowal, di dowal ba ci digg àll bi, xolleeti beneen soraans, ku dàq ku jëkk ki génn daldi ni ko :

- Baay may mburu.

Mu ni ko : - Man de awma mburu.

Mu ni ko : - May ma pòon.

Mu ni ko : - Awma pòon.

Mu ni ko : - Kon dé yow mënòo maa ame xaaral ma dellu ci sama xoot.

Mu dese ko benn soraans. Mu daldi dem, jënd mburòom ak pòonam, di dowal, di dowal ba ci digg àll bi. Mu xolli benn bi ko dese, ku dàqati ñooñu génné ci daldi ni ko :

- Baay may ma mburu.

Mu jox ko mburu mu lekk ba doyal.

Mu ni ko : Yow laa mën àndal.

Waa ji ni ko : - Wante nañu def lenn, ndax dama bëgg dem ba ci sunu dëkk yëgal leen ni am naa jabar ndax ñu teeru.ma. Leegi nag nanga dëkk fii ci kow taax mi (taax mi nag ci kow garab ,a nekk tiim géej gi).

Mu ni ko : - Waaw.

Ñu nekk fa ba am benn doom bu gòor. Mu dem nag di yëggali seen waa kër ni am na jabar ak doom ngir ñu terru kook ay tama. Ba mu demee nag ku jigéen ki su jogee fekk doom ji di nelaw, mu sëppu ci kow taaxu kow mi. Bu ko defee takkndeer bi di feeñ ci ndox mi. Bu jinné ji ñòwée di duysi, gis takkndeer bi mu defe ni moom ci boppam la.

Mu daldi ni : - Ey ! ndekete man nii la rafete. Ku rafete nii ñu lay duylòo !

Mu daldi rajaxe ndaa la, daldi dem. Ci ëllëg sa, mu ñòw di duy, xool dox mi, daldi ni : - Ey man ! ndekete nii laa rafete ; ku rafetee nii ñu lay duylòo !

Mu daldi rajaxe ndaa li. Ci ñetteelu yoon wi, ba mu dikkée di duysi, mu daldi xool tàkkndeer bi daldi ni :

- Ey ! man ndekete nii la rafete ! Ku rafetee nii ñu lay duylòo !

Mu daldi rajaxe ndaa la. Ku jigéen ki sëppuwòon ci kow taax mi daldi ree.

Mu ni ko : - Axaan ! Ndekete yow yaay sëppu fii, su ma ñówée defe ni man maa rafete nii ? Wàccal ma létt la.

Mu ni ko : - Duma wàcc ndax sama jëkkër dafa dem te dafa ma ni lu yàgg-yàgg bul wàcc ci suuf.

Mu ni ko : - Wàccal rekk, létt yi du yàgg. Ma létt la létt yu rafet ndax bu jëkkër ñów bég.

Mu wàcc. Mu daldi koy létt ba noppi, fab benn pingu samp ko ci digg bopp bi. Daw si daldi soppaliku picc mu rafet. Jinné ji daldi yéeg ci kow taax mi wuutu ko. Bi xale bi yewwoo, mu gab ko.

Bi ku góor ki ñówée ni ko : - Ana sama jabar ?

Mu ni ko : - Maa ngi nii ; nii lañu mel. Suñu waa dëkk, su waxtu yii ñówée dañuy soppaluki ; su teyee ñu rafet, su ëllëgée ñu ñaaw.

Mu ni ko : - Ey man fu ma jëm ak sama gàcce ? Yëgal naa waa dëkk bi yépp, lu nekk ñu ngi koy def ngir teeru ñu ndax ku ñu ma mosa may ma ni bëgguma ko, ndekete ku ñaaw kii la leen di yóbbul !

Mu ni ko : - Nii lañu mel ; nii rekk lañu mel ci suñu dëkk.

Mu daldi ni ko : Ndoon nañu dem.

Ba ñu demee waa dëkk bi di ree, di yéwwóo, naan : - Ey waa ji de yàl na dee ; ku ñu ko mosa may mu bañ ndekete kii lañuy indil ! Kii dé yàl na dee.

Ben bés ku góor ki ni nañu fori ay picc ci àll bi. Ba ñu demee ñu di for, di for, di for ba foraale yaayu xale bi, mi ñu soppaliwóon picc. Muy picc mu rafet. Ñu ñów def ko ci kër gi. Picc mi bëgg xale bi lool. Bi xale bi màggee, picc mi gën koo bëgg ; su mu tollu mu tag ci kowam, mu di ko,raay.

Jinné ji ni picc mi daal nañu ko rey; su subaa nañu rey picc yépp sax. Xale bi di jooy ni baayam bu ñu ko rey. Baay bi ni ko dañu koy rey.

Benn bés ñu toog di lekk, picc mi daldi ñów ni "cëpp !" ci digg ndab li, xale bi di ko raay, di ko raay ba dindi pingu bi ci bopp bi, mu daldi sóppaliku yaayam. Ku jigéen ki daldi dee foofu. Baay bi sog di di wax waa dëkk bi : - Kii moo doon sama jabar ; dañu ko soppaliwóon picc.